

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa Sunda mangrupa salasihiji basa daérah di Indonésia, malah kaasup basa daérah kadua panggedéna sabada basa Jawa. Basa Sunda masih dipiara, dipaké, jeung dimekarkeun basa Sunda nya éta ngaliwatan pangajaran basa Sunda téh lain hiji-hijina jalan pikeun miara jeung mekarkeun basa Sunda, tapi éta jalan téh kaasup cara nu pangéktifna. Pangajaran di sakola mah bisa direncanakeun, dilaksanakeun, jeung diévaluasi kalawan sistematis.

Dina kurikulum 2004 ditétélakeun yén pangajaran basa Sunda SMP téh ngawengku opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Opat kaparigelan basa téa dina pangajaran basa di sakola kudu diajarkeun kalayan saimbang. Pangajaran nulis mangrupa salasihiji tina opat pangajaran basa di SMP. Nulis téh kacida pentingna pikeun pendidikan, ku sabab nulis téh ngabantu para siswa sangkan mikir. Nurutkeun Tarigan ogé (1994:21), yén

“menulis ialah menurunkan atau melukiskan lambang-lambang grafik yang menggambarkan suatu bahasa yang dipahami oleh seseorang, sehingga orang-orang lain dapat membaca lambang-lambang grafik tersebut kalau mereka memahami bahasa dan gambaran grafik itu”.

Kegiatan nulis mangrupa hiji wangun *manifestasi* kaparigelan makéna basa paling ahir nu dikawasa siswa sabada kaparigelan ngaregepkan, nyarita, jeung maca. Ku kituna dibandingkeun kaparigelan nu lian, kaparigelan atawa kamampuh nulis téh leuwih hésé dikawasana ku siswa tibatan kaparigelan nu lianna.

Dina taun 2005 dikaluarkeun Peraturan Pamarentah nomer 19 taun 2005

ngenaan

Standar Nasional Pendidikan dina pasal 61 ayat (1) menyatakan bahwa: *Pemerintah bersama-sama pemerintah daerah menyelenggarakan sekurang-kurangnya satu sekolah pada jenjang pendidikan dasar dan sekurang-kurangnya satu sekolah pada jenjang pendidikan menengah untuk dikembangkan menjadi sekolah bertaraf nasional.*

Dikawitan di taun 2005 sakola-sakola negeri unggulan mulai dikembangkeun jadi *Rintisan Sekolah Berstandar Internasional (RSBI)*.

Saenyana sakola nu geus tarapna internasional kudu ngabogaan kaunggulan nu ditunjukkeun ku pengakuan internasional kana prosés jeung hasil pendidikan dina sakabéh aspék. Pengakuan éta dibuktikeun ku sertifikasi berpredikat hadé ti salasahiji anggota OECD (*Organization for Economic Co-operation and Development*) jeung nagara maju liana nu ngabogaan kaunggulan nu tangtu dina widang pendidikan, nagara anu geus ngabogaan réputasi mutu nu geus diaku sacara internasional, sarta lulusanna ngabogaan kamampuan daya saing internasional. Di Indonesia, lulusan RSBI dipiharep salian bisa ngawasaan Standar Nasional Pendidikan (SNP) Indonesia, bisa ogé ngawasaan kamampuh-kamampuh konci global supaya bisa saluyu jeung nagara anu maju. Kusabab éta, ngabiasakeun siswa kana nilai-nilai progresif nu diunggulkeun dina era global perlu digunakeun salaku acuan pikeun ngawangun sakola atawa kelas RSBI.

Ku ayana, kelas atawa sakola RSBI khususna di daérah Jawa Barat, perlu diperhatikeun kumaha kalanjutanna ngagunakeun basa daérah atawa basa Sunda di kelas atawa sakola RSBI. Sakola atawa kelas RSBI nitikbeuratkeun pembelajaran kana disiplin élmu terapan (*science*) jeung disiplin élmu lunak nu

dihususkeun ka sosiologi, ekonomi jeung basa asing utamana basa Inggris. Supaya siswa bisa basa asing, dilakukeun sagala cara saperti ningkatkeun kualitas diajar basa Inggris di kelas atawa sakola RSBI, nepi ka ngagunakeun buku anu basana basa Inggris dina unggal pelajaran nu aya di kurikulum jeung pembelajaran nu geus ngagunakeun basa Inggris atawa campuran.

Ku ayana, karakteristik sakola saperti kitu, mangrupa hiji masalah anu kudu ditalungtik. Saperti anu geus dipedar sateuacana kelas atawa sakola RSBI geus ngalakukeun prosés diajar ku cara Internasional, dipiharep peserta didik di kelas RSBI leuwih kritis jeung leuwih maju supaya bisa bersaing sacara Internasional. Namung, kumaha parkembangan basa Sunda salaku basa Indung di sakola RSBI anu aya di Jawa Barat. Ngaliwatan panalungtikan ieu baris ditalungtik kumaha akibat ti ayana kelas RSBI kana kamampuh basa Sunda siswa. Kumaha kamampuh siswa kelas RSBI lamun dibandingkeun jeung kelas regular nu masih ngagunakeun basa Indonesia jeung basa Sunda dina kagiatan diajar sapopoé. Bener henteu ku ayana kelas RSBI nu siswana dipersiapkeun pikeun bersaing sacara Internasional leuwih mampuh berkembang jeung ningkatkeun pangaweruhna dina diajar basa Sunda sanajan dina pangajaran sapopéna ngagunakeun basa Inggris di kelas RSBI.

Panalungtikan anu geus kacatet di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah UPI Bandung nya éta “Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Argumentasi Mahasiswa Tingkat Ahir Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah” ku Nani Haerani, “Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung” ku Yopa Galih Triyani, “Analisis Kasalahan

Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas III SMU Pasundan 1 Bandung” ku Rita Rosita. Éta tulisan ngan ukur nalungtik ngeunaan analisis kasalahan éjahan, acan ngabandingkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan siswa RSBI jeung siswa regular. Ku kituna, judul ieu panalungtikan nya éta “Babandingan Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Nulis Carpon Siswa RSBI jeung Siswa Reguler Kelas VII SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2010-2011.”

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan masalah

Watesan jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

1.2.1 Watesan Masalah

Kasang tukang masalah di luhur anu ditalungtik téh nya éta ngeunaan babandingan kamampuh ngalarapkeun éjahan siswa RSBI jeung siswa regular dina nulis carita pondok. Aya sababaraha rupa-rupa nulis téh, aya nulis déskripsi, narasi, éksposisi, persuasi, jeung arguméntasi. Dina panalungtikan ieu, nulis anu dimaksud nya éta nulis carpon dina wangun narasi. Ngalarapkeun éjahan anu dimaksud dina panalungtikan ieu nya éta perkara nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, jeung ngagunakeun tanda baca.

1.2.2 Rumusan Masalah

Anapon rumusan masalah nu jadi puseur panalungtikan nya éta:

- 1) Kumaha babandingan kamampuh nuliskeun aksara dina nulis carpon siswa kelas VII RSBI jeung Reguler SMPN 1 Lembang Bandung?
- 2) Kumaha babandingan kamampuh nuliskeun kecap dina nulis carpon siswa kelas VII RSBI jeung Reguler SMPN 1 Lembang Bandung?

- 3) Kumaha babandingan kamampuh ngagunakeun tanda baca dina nulis carpon siswa kelas VII RSBI jeung Reguler SMPN 1 Lembang Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan anu jadi tujuanna nya éta kabagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ti panalungtikan ieu nya éta ngaliwatan panalungtikan ieu dipiharep siswa bisa leuwih ningkatkeun kamampuh siswa jeung minat siswa dina nulis.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngagambarkeun:

- 1) Babandingan kamampuh nuliskeun aksara dina nulis carpon siswa kelas VII RSBI jeung Reguler SMPN 1 Lembang Bandung.
- 2) Babandingan kamampuh nuliskeun kecap dina nulis carpon siswa kelas VII RSBI jeung Reguler SMPN 1 Lembang Bandung.
- 3) Babandingan kamampuh ngagunakeun tanda baca dina nulis carpon siswa kelas VII RSBI jeung Reguler SMPN 1 Lembang Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina mangpaat panalungtikan ieu ngawengku dua mangpaat nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngabeungharkeun hasil panalungtikan sarta bisa mangpaat pikeun panalungtikan kapayuna jeung bisa ningkatkeun pangaweruh ngeunaan tiori nulis dina nulis carita pondok. Hasil

panalungtikan dipiharep mangpaat pikeun ngajegkeun tiori nulis, ngeuyeuban nulis pikeun bahan pangajaran, jeung ngajegkeun kaparigelan nulis, maca, ngaregepkeun, jeung nyarita dina pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan di antarana nya éta:

1) Panalungtik

Mangpaat panalungtikan ieu pikeun panalungtik nya éta pikeun ngalatih diri dina proses panalungtikan jeung kaprofesian dimana panalungtik bisa ngajalankeun sacara langsung situasi jeung kondisi pendidikan di Indonesia hususna di Jawa Barat.

2) Siswa

Mangpaat panalungtikan ieu pikeun siswa nya éta pikeun ngalatih jeung ngawangun minat jeung karesep siswa ka basa Sunda ngaliwatan diajar basa Sunda, dipiharep ogé dina panalungtikan ieu bisa leuwih ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis hususna nulis carita pondok.

3) Guru

Mangpaat panalungtikan ieu pikeun guru nya éta guru bisa ngembangkeun jeung ningkatkeun deui prosés ngajar basa Sunda jeung ogé bisa ningkatkeun pembelajaran basa Sunda di kelas nu saluyu pikeun masing-masing kelas regular jeung kelas RSBI.

4) Lembaga/sakola

Mangpaat panalungtikan ieu pikeun lembaga/sakola nya éta bisa méré peningkatan proses diajar basa Sunda sacara husus jeung sacara umum bisa ningkatkeun kualitas pembelajaran ogé kualitas siswa di sakola.

1.5 Anggapam Dasar

Panalungtikan ieu didasaran ku anggapan.

- 1) Kaparigelan nulis mangrupa salasihiji tina opat kaparigelan basa ngarangsang siswa pikeun nepikeun aktivitas laku basa sacara tinulis ngaliwatan tulisan.
- 2) Éjahan nya éta aturan atawa palanggeran nuliskeun lambang-lambang sora ku basa. Éjahan téh patali jeung aturan makéna aksara, nuliskeun kecap, jeung tanda baca.
- 3) Konstruksi kabasaan bakal diajén bener atawa salah dumasar kana kaédah basana.

1.6 Méhode jeung Téhnik Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan métode jeung téhnik anu digunakeun dipedar saperti ieu di handap.

1.6.1 Métodologi Panalungtikan

Métode jeung téhnik panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode ieu mangrupa salasihiji métode anu bisa ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan aktual ku jalan nempuh léngkah-léngkah ngumpulkeun, ngaklasifikasikeun, analisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan jeung nyieun laporan. Dipilihna ieu métode, sangkan bisa leuwih museur dina ngungkulan masalah-masalah nu keur disanghareupan.

1.6.2 Téhnik Panalungtikan

Data ieu panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun tés. Tés anu digunakeun nya éta méré tés nulis carpon ka Siswa Kelas VII RSBI jeung Reguler SMPN 1 Lembang.

1.7 Wangenan istilah

Sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir dina ieu panalungtikan, di handap baris dipedar sababaraha istilah anu aya dina ieu panalungtikan

1) Éjahan

Éjahan téh nya éta aturan atawa kaédah nuliskeun kecap nu ngawengku aspék fonologis, morfologis, jeung sintaksis

2) Aksara

Aksara nya éta sistim lambang tulisan nu dipaké ku manusa waktu komunikasi minangka wawakil omongan atawa gambaran sora.

3) Kecap

Kecap nya éta wangun basa bebas pangleutikna nu ngandung harti, wangun basa pangleutikna anu bisa madég mandiri dina kalimah sarta ngandung harti nu tangtu.

4) Tanda baca

Tanda baca nya éta isarah anu ébréh tur ragem minangka unsur grafis dasar dina sistim aksara nu ngagambarkeun gagasan, kecap katut babagianana.

5) Nulis

Nulis mangrupa hiji proses kreatif ngébréhkeun eusi haté jeung pikiran dina wangun tulisan tujuana pikeun, misalna méré nyaho, ngayakinkeun, atawa ngahibur

6) Carpon

Carita pondok mangrupa salasihiji wangun ti prosa anu panjang kekecapanana ditangtukeun nya éta ti 2.000 kecap nepi ka 10.000 kecap.

7) Kelas RSBI

Kelas RSBI nya éta kelas nasional nu nyiapkeun peserta didik nu berbasis *Standar Nasional Pendidikan (SNP)* nu bersaing sacara Internasional.

8) Kelas Reguler

Kelas regular nya éta kelas *konvensional* anu berbebasis ka kurikulum nagara.

1.8 Raraga Panulisan

Anapon sistematika penulisan panalungtikan ieu nya éta:

BAB I Bubuka. Medar perkara kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangfaat panalungtikan, anggapan dasar, metode jeung tehnik panalungtikan, wangenan istilah, raraga tulisan.

BAB II. Medar perkara landasan tiori ngawengku éjahan, konsep dasar nulis jeung carita pondok.

BAB III Méhode Panalungtikan. Medar Perkara desain panalungtikan, variabel, wangenan operasional, lokasi jeung sumber data panalungtikan, tehnik panalugtikan, cara ngumpulkeun data, cara ngolah data, jeung instrumen panalungtikan

BAB IV HASIL Panalungtikan jeung Pembahasan. Dina bab ieu medar hasil nu

dibeunangkeun dina panalungtikan sacara jéntré dikawitan ti bahan nu atah kénéh nepi ka analisis data éta.

BAB V Kacindekan jeung Rékoméndasi. Ngawengku kacindekan jeung rékoméndasi dina ieu panalungtikan.

